



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/15/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÓ 2015 POU DEKOURAJE MINÈ YO BWÈ ALKÒL TE LAKOZ NAN PRESKE 760 ARESTASYON**

*Operasyon pandan tout ane a ak patenarya ant ajans yo e lapolis kenbe plizyè  
santèn lòt jèn adilt pou yo pa jwenn alkòl*

*Operasyon an anpeche pou kontinye efò agresif lapolis nan 2016*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke efò ane pase pou dekouraje minè kap itilize alkòl pa investigatè yo nan Depatman Motè Veyikil eta te lakoz nan preske 760 arestasyon ak sezi plis pase 750 fo dokiman idantifikasyon.

Travay avèk patnè lapolis yo, pwopriyetè ba, ak State Liquor Authority, investigatè DMV yo te fè 53 aksyon ranfòsman nan dis konte nan 2015, fè plis pase 114 lòt arestasyon pase nan 2014, nan kad operasyon Prevansyon an. Operation Prevent la vize pou redwi minè kap bwè ak itilizasyon fo dokiman lè yap travay avèk otorite lokal yo nan kafe ki koni yo pou tcheke idantifikasyon dokiman yo.

“Minè kap bwè ak move desizyon ki vini apre a gen konsekans posib pou tout lavi,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Mwen remèsye ajans sa yo ansanm avèk lapolis pou efò kontinyèl yo pou dekouraje minè yo kap bwè alkòl pou kenbe tout Nouyòkè yo ansekirite.”

Investigasyon Operation Prevent ap fèt pandan tout ane a, non sèlman nan ba ak etablisman alkòl yo, men tou nan konsè yo, aktivite, oswa kèlkeswa kote kliyan minè yo siseptib pou rasanble. Investigatè DMV yo ap travay etwatman avèk SLA, te fèt kat operasyon konjwen nan 2015, de ladan yo te lakoz nan revokasyon lisans etablisman likè yo. Pandan yon enspeksyon konfòmite nan The Smokin’ Bull nan Albany nan [12Novanm](#), apeprè 115 nan 125 kliyan nan etablisman yo te jwenn timoun ki anba laj 21 ane te kondwi a plis pase 70 arestasyon. Yon lòt bar and Grill Bootlegger nan Troy [3 Desanm](#), te lakoz nan konfikasyon 91 fo lisans ak 93 arestasyon pou swadizan fo dokiman idantifikasyon oswa prezante lisans kondwi yon lòt moun. Investigatè SLA te dokimante 50 lavant minè e Depatman Lapolis Troy te arete de bamanan paske yo tap fè biznis ilegal avèk yon minè.

<b>Rejyon (Anba Operation Prevent)</b>	<b>Arestasyon</b>	<b>Operasyon</b>	<b>Resan anons</b>
<b>Albany:</b> (Konte Albany, Columbia, Fulton, Greene, Montgomery, Rensselaer, Schenectady, ak Schoharie)	331	18	1ye Jen: <a href="#">Saratoga Springs</a> 9 Jiyè: <a href="#">Saratoga Springs</a> 19 Out: <a href="#">Saratoga Springs</a>
<b>Buffalo</b> (Konte Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Genesee, Niagara, ak Wyoming)	17	3	24 Jen/ <a href="#">Darien Center</a> 9 Jiyè: <a href="#">Canandaigua</a>
<b>Long Island:</b> (Konte Nassau ak Suffolk)	19	17	
<b>Rejyon I Metro Vil New York:</b> (Bronx, New York, Rockland, ak Konte Westchester)	1	2	
<b>Rochester:</b> (Chemung, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Schuyler, Seneca, Steuben, Wayne, ak Konte Yates)	215	35	22 Desanm: <a href="#">Rochester</a>
<b>Syracuse</b> (Broome, Cayuga, Cortland, Jefferson, Onondaga, Oswego, Tioga, ak Konte Tompkins)	175	44	4 Novanm: <a href="#">Cortland</a> 17 Novanm: <a href="#">Cortland</a>
<b>Total</b>	<b>758</b>	<b>53</b>	

*Lòt repatisyon rejyonal anba Operation Prevent gen ladan Adirondack (Clinton, Essex, Franklin, Saratoga, Warren, ak Konte Washington), Highland (Delaware, Dutchess, Putnam, Orange, Sullivan, ak Konte Ulster), NYC Metro II (Kings, Richmond, ak Konte Queens), ak Utica (Chenango, Hamilton, Herkimer, Lewis, Madison, Oneida, Otsego, ak Konte St. Lawrence).*

Byenke DMV pa janm anonse piblikman ki konpayi ke yo ka envestige, mennen nan Jou Travay, Gouvènè Cuomo te anonse yon [represyon nan tout eta](#) sou minè yo kap bwè ak fo idantifikasyon nan konsè ete yo ansanm avèk lòt lokal ki gen minè. Represyon an te kondwi a 133 arestasyon ak konfiskasyon 63 fo dokiman idantifikasyon nan zòn yo nan eta.

DMV ak SLA egalman te travay ansanm pandan ete ki sot pase a pou edike pwopriyetè bar yo, sekirite, ak anplwaye etablisman lisans yo sou nouvo fonksyon sekirite ki enkli nan lisans chofè yo, pèmi, ak kat Idantite ke eta te pibliye. Yo te distribye [yon bwochi elektwonik](#) pou distribye a plizyè milye pwopriyetè bar nan eta ki te bay yon deskripsyon sou fonksyon sekirite avanse nan fòm idantifikasyon sa yo pou rann li pi fasil pou pwopriyetè ak anplwaye nan etablisman yo avèk lisans likè pou legalize yo epi idantifye fo Idantite yo.

Operation Prevent DMV jwenn sipò [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè](#), ki kowòdone aktivite sekirite sikilasyon nan eta epi bay fon sibvansyon sekirite otowout a ajans non-pwofi eta, ak lokal pou pwojè yo kap amelyore sekirite otowout epi redwi ka lanmò a blesi grav akòz de aksidan. Efò sa yo pandan tout ane a te selebre nan dat 1ye Desanm, 30<sup>yèm</sup> anivèsè ogmante laj pou bwè alkòl nan New York de 19 a 21, lè Gouvènè Cuomo te anonse yon [rediksyon 60-pousan](#) nan lanmò pa aksidan ki gen rapò a alkòl depi 1985. Daprè Enstiti pou Jesyon Sekirite Sikilasyon ak Rechèch, yon sant rechèch non pwofi ki baze sou inivèsite a te angaje pou amelyore sekirite otowout la, kantite lanmò aksidan veyikil ki gen rapò avèk alkòl te [diminye konsiderableman](#) de 750 nan 1984 a 292 nan 2014.

“Pandan plis pase yon deseni, DMV te gen yon pozisyon fèm ak inebranlab pou anpeche jèn adilt minè yo bwè epi itilize fo dokiman pou anpeche minè yo bwè alkòl anvan li kòmanse. Mwen fyè de travay envestigatè nou yo, non sèlman nan 2015, men chak ane,” **te deklare Komisè Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan**. “DMV ap kontinye travay avèk lapolis lokal toupatou nan eta pou dekouraje minè kap bwè yo epi kenbe wout nou yo ansekirite.”

Anplis, SLA te konsiderableman entansifye aksyon lapolis pou diminye lavant minè yo pou bay edikasyon a moun ki gen lisans yo sou responsabilite yo. Nan 2015, SLA te pouswiv 1,552 moun ki gen lisans pou lavant minè, yon ogmantasyon 50 pousan apati 1,036 pouswit nan 2010. Sa a gen ladan 808 vyolasyon lavant minè ki te fèt grasa pwòp operasyon pyèj SLA, te kòmanse pou premye fwa nan istwa ajans lan nan 2011. SLA te ogmante tou kantite fòmasyon yo pou redwi lavant a minè yo epi ede moun ki gen lisans yo evite vyolasyon anvan yo rive nan sètifye epi pwomote Pwogram

Sansibilizasyon Fòmasyon Alkòl ak pwomosyon. Kantite fòmasyon ki te fèt pa moun ki gen lisans ak anplwaye yo te ogmante pa preske twa fwa, apati 5,014 nan 2010, jiska 14,549 nan 2015.

“Kòm minè kap bwè twò souvan lakoz nan rezilta trajik, pa gen priyorite ki pi enpòtan pou State Liquor Authority pase pou anpeche lavant alkòl a minè yo,” **te deklare Prezidan SLA Vincent Bradley**. “SLA ap kontinye fè operasyon enfiltrasyon agresif, travay avèk DMV ansanm avèk patnè nou yo nan lapolis lokal, epi fè edikasyon moun ki gen lisans yo sou responsabilite yo nan fason pou anpeche jèn Nouyòkè yo achte epi abize alkòl.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou DMV, [klike la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418